

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Aya opat aspék kaparigelan dina makéna basa, di antarana kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*), nyarita (*speaking skills*), maca (*reading skills*), jeung nulis (*writing skills*). Opat kaparigelan éta mangrupa hiji beungkeutan nu silih deudeul tur silih lengkepan.

Salasahiji aspék kaparigelan basa di antarana nyaéta nyarita, sangkan bisa mahér dina nyarita unggal jalma pasti ngalaman héngkér dina ngamimitian atawa muka caritaan. Aya sawatara perkara anu ngabalukarkeun éta hal, di antarana waé kabeungharan kosa kécap anu dipiboga sarta kamampuh nyarita unggal jalma nu tangtuna béda-béda.

Nyarita mangrupa salasahiji aspék kaparigelan basa anu posisina kadua saenggeus ngaregepkeun. Ieu pamadegan luyu jeung pamadegan Rivers (dina Iskandarwassid, 2004, kc. 156) yén umumna jalma dina maké waktuna 45% pikeun ngaregepkeun, 30% nyarita, 16% maca jeung 9% nulis dina kagiatan sapopoéna. Ngaliwatan nyarita manusa bisa ngedalkeun naon anu aya dina kereteg haténa. Nyarita mangrupa kamampuh maké basa dina wangun lisan, pikeun nepikeun gagasan, eusi pikiran, kahayang atawa kereteg haté. Hal anu kacida penting dina nyarita nyaéta ngalatih kamampuh uteuk dina mekarkeun pola pikir anu leuwih kritis tur kréatif.

Saluyu jeung pasualan nu diébréhkeun di luhur, kaparigelan nyarita tangtuna penting dina dunya atikan, sabab nyarita mangrupa salasahiji kaparigelan basa anu kudu dipiboga ku siswa sarta bisa ngabantuan siswa dina prosés mikir. Ku cara kitu siswa bisa ngébréhkeun gagasan anu dipiboga dina nyarita. Salian ti éta, kagiatan nyarita bisa mekarkeun daya pikir sarta kréativitas siswa. Éta hal mangrupa pancén utama guru dina ngabiasakeun siswa sangkan daék nyarita tur kamampuhna bisa ngaronjat.

Omongan siswa tangtu bakal hadé lamun siswa geus maham kana basana. Maham di dieu hartina siswa geus biasa maké basa Sunda nu merenah dina kahirupan sapopoé tur kosa kecap nu dipimilikna geus loba. Saupama siswa can maham dina ngalarapkeun basa Sunda tur kosa kecap nu dipimilik ngan saeutik, tangtu omongan anu diucapkeun bakal kurang nyugemakeun. Dumasar hasil wawancara ka guru basa Sunda nyaéta Bapa Abdul anu dipigawé ku panalungtik di SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat, aya sababaraha bangbaluh dina nepikeun pangajaran basa Sunda, di antarana ieu di handap.

- a. Alokasi waktu dina pangajaran basa Sunda di SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat bisa disebutkeun kurang, ku lantaran dihijikeun waktuna jeung pangajaran basa Indonésia. Hal kasebut ngabolérkeun pangajaran basa Sunda pikeun siswa.
- b. Dina pangajaran basa Sunda hususna dina kaparigelan nyarita, aya kénéh siswa nu sieun nyarita maké basa Sunda, sabab siswa jarang ngalatih tur dilatih kamampuh nyaritana, katambah ogé kurang mahamna siswa dina ngagunakeun undak usuk basa jeung kekecapan nu merenah dina nyusun kalimah.
- c. Salian tina kurang maham kana undak usuk basa Sunda, kamampuh siswa dina nyarita nu merenah bisa disebut kurang lantaran dina kahirupan sapopoéna boh di lingkungan kulawarga boh di lingkungan sakola, siswa nyarita maké basa Indonésia, katambah dihijikeun jeung basa Sunda.

Dina kagiatan diajar ngajar aya hiji sistem anu silih deudeul tur silih rojong kana prosés pangajaran nyaéta tujuan, bahan, média, stratégi jeung modél. Salahsahiji modél pangajaran nu bisa dipaké ku guru dina pangajaran nyarita nyaéta modél pangajaran *picture and picture*. Modél pangajaran *picture and picture* nyaéta modél pangajaran anu museur kana daya imajinasi siswa dina nyusun kalimah, sarta maké gambar salaku médiana.

Ieu modél pangajaran bisa dilaksanakeun dina pangajaran nyarita, ku lantaran bisa dijadikeun alat pikeun nepikeun matéri dina pangajaran paguneman ka siswa SMA/SMK. Sakumaha anu aya dina *Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda* tétéla siswa dipiharep mampuh nyarita pikeun ngébréhkeun pikiran, perasaan, katut

kahayang dina nyaritakeun pangalaman, biantara, ngadongéng, *paguneman*, jeung diskusi kelompok (Disdik Pemprov Jabar, 2007, kc. 119). Di mana dina ieu kagiatan guru bisa ngajak murid sangkan leuwih paham kumaha nyusun dialog atawa *paguneman* nu merenah.

Modél pangajaran anu dipaké dina kagiatan diajar-ngajar euweuh nu dianggap sampurna jeung pangalusna, sabab tiap modél pangajaran tangtuna mibanda sipatna sorangan-sorangan. Hiji modél bisa waé éféktif keur hiji kagiatan pangajaran, tapi can tangtu éféktif pikeun kagiatan pangajaran lianna.

Aya sababraha panalungtikan nu kungsi nalungtik maké modél *picture and picture* nyaéta Nurbaéti (2008) ngeunaan “*Modél Pangajaran Picture and Picture dina Nulis Karangan Éksposisi Siswa SMPN 15 Bandung*”, Héri Susanto (2013) ngeunaan “*Évektifitas Modél Picture and Picture pikeun Pangajaran Nulis Carpon*”, jeung Gina Kustinawati (2014) ngeunaan “*Modél Pangajaran Picture and Picture pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Warta*”.

Dumasar kana pasualan-pasualan anu geus dijéntrékeun di luhur, perlu diayakeun panalungtikan anu judulna “*Modél Pangajaran Picture and Picture pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita dina Paguneman (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat Taun Ajaran 2014/2015)*”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan perlu diidéntifikasi sangkan leuwih museur sarta perlu dirumuskeun sangkan leuwih jéntré.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan bisa diidéntifikasi jadi sababaraha masalah nu patalina jeung a) perluna mekarkeun kréativitas guru dina ngokolakeun pangajaran, sangkan hasil diajar siswa bisa ngaronjat; b) loba modél pangajaran anu bisa dipaké ku guru pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa; jeung c) modél *picture and picture* mangrupa salasahiji modél anu bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah-masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh paguneman siswa kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat dina pangajaran paguneman saméméh maké modél *picture and picture*?
- b. Kumaha kamampuh paguneman siswa kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat dina pangajaran paguneman sabada maké modél *picture and picture*?
- c. Naha aya bédana kamampuh paguneman siswa kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat Taun Ajaran 2014/2015 dina pangajaran paguneman saméméh jeung sabada maké modél *picture and picture*?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus saluyu jeung anu dijéntrékeun ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngungkulan pasualan atawa masalah nyarita dina pangajaran paguneman di kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nyarita dina pangajaran paguneman di kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat saméméh maké modél *picture and picture*;

- b. kamampuh nyarita dina pangajaran paguneman di kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat sabada maké modél *picture and picture*; jeung
- c. bédana kamampuh nyarita dina pangajaran paguneman di kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat Taun Ajaran 2014/2015.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Tangtuna dina unggal panalungtikan anu dipigawé miboga mangpaat. Panalungtikan ieu ogé tangtuna miboga mangpaat, boh sacara tioritis boh sacara praktis, kalawan dipedar ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngungkulan pasualan kaparigelan nyarita dina pangajaran paguneman di kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat. Hasilna dipiharep bisa ngaronjatkeun kréativitas guru dina ngagunakeun modél pangajaran sangkan bisa ngirut kana sumanget diajar siswa. Lian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pagaweruh ka nu maca ngeunaan modél *picture and picture*, dina ngaronjatkeun kamampuh nyarita maké basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan di antarana sakumaha dipedar ieu di handap.

- a. Ngaronjatkeun kamampuh nyarita maké basa Sunda sarta kamampuh siswa dina ngébréhkeun ide dina wangun lisan leuwih bisa kalatih ku dipakéna ieu modél *picture and picture*.
- b. Ieu modél *picture and picture* bisa dijadikeun alternatif guru pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nyarita basa Sunda.
- c. Dina paélmuan bisa nambahan sawatara modél dina népikeun pangajaran ngarah leuwih loba tur henteu monoton.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu laporan panalungtikan téh disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bab munggaran dina ieu panalungtikan. Anu dipedar dina ieu bab nyaéta ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan diayakeunna ieu panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Bab II medar tiori-tiori anu aya dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan modél *picture and picture*, kaparigelan nyarita, jeung paguneman. Salian ti éta, dina ieu bab aya anggapan dasar jeung hipotésis anu miboga tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

Bab III mangrupa bab anu eusina medar métode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Eusina ngawengku léngkah-léngkah panalungtikan, prak-prakan ieu panalungtikan, jeung cara ngolah data tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun. Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Eusina mangrupa sagemblengna hasil tina panalungtikan anu geus dilakukeun, ngawengku prak-prakan panalungtikan jeung data hasil panalungtikan ngeunaan modél *picture and picture* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita dina pangajran paguneman.

Bab V mangrupa bab anu pamungkas anu eusina mangrupa kacindekan pedaran hasil panalungtikan sarta ayana rékoméndasi anu ditepikeun ku panulis.